ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№103 (22.511) ● 2013 гъэм макъуаэгъуэм (июным) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сыт унафэщIым и улахуэр зэлъытар?

КъБР-м и Правительством и зи чэзу зэIуIэр иригъэкIуэкIащ абы и Унафэщ Хьэсанэ Руслан.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр **Мамий Артур** и гугъу ищIащ Урыдей Фатимэ и Президентым зиIэрыль къащIща къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхьум, къапщтэмэ, 2011 - 2013 гъэхэм кьрыбыдзу зэфIагъэкIыну Iуэхуэхэм.

Министрыр щхьэхуэу къызытеуцуакIэ и мин 3.955.282,2-рэ хъурт, абы щыщу ягъэзэщIа программэхэм, Iуэхуэхэм мин 3.948.324,6-рэ трагъэкIуэдащ. Я хэхъуэр трагъэсэбэпа ахъшэм елъытауэ сом мин 6977,6-кIэ нэхъыбэщ.

Медицинэм и лэжьакIуэ щхьэхуэхэм я улахуэм хуIагъуи папщIэ республикэм и бюджетым кьыхэкIыу фондым сом мин 118.829,6-рэ кьратащ.

Федеральнэ мылъкум къыхэкIыу сом мин 3.795.906,8-рэ къахуэкIуати, фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэм и кьудамэу щIыналъэхэм щыIэ фондхэм ОМС-м и программэр гъэзэщIа хъун папщIэ сом мини 2.667.863,2-рэ хухахащ. Адэ-анэм зыхуей хуамыгъэзэф сабийхэм, сабий зеиншэхэм я узыншагъэр къапщытэн папщIэ ОМС-м и щIыналъэ фондхэм мелуанитхум нэблагъэ ираташ. Лэжьыгъэ IэнатIэ зырыт щIыхуэхэм я узыншагъэр къапщытэным сом мини 8-м щIигъу трагъэкIуэдащ. ФIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым кьыхэкIыу узынишагъэр зэрыфIэкIуэным хуэхаха Iуэхуэхэм блэкIа илъэсым сом мини 976.478-рэ трагъэкIуэдащ.

ЗэIуIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Къэзыбж-къэзыхутэ палатэм и унафэщI Шондыр Олег, абы и аудитор Фироновэ Надеждэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирмэ, сымэ нэгъуэщIхэри.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м и Парламентым

Узыншагъэм нэхъапэ щыIэкъым

Жанымым и псалъэхэм кьыхигъэщащ ди республикэм зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэр кьызэремэщIэкIыр. Ауэ «къуажэ дохутыр» программэм и фIыгъэкIэ къуажэ пхыдзахэм дэсхэми Iуэхутхьэбзэ ялъэIэс хуащ. Иужьрей зэманым дохутыр ныбжьыщIэу 136-рэ республикэм и къуажэхэм ягъэкIуащ.

- Узыншагъэм нэхъапэ щыIэкъым, дыщогугъ медицинэм екъэлаIуэ къаIэт Iуэхуэхэм фIы кьытхуэкIуэну - жиIащ и псалъэхэм я кIэуэну Жаныммым.

КъБР-м фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI **Кьаногкъуэ Аслъэнбэч** 2012 гъэм ОМС-м и бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ зэхэпхьэкIа.

Гъэ кIуам фондым и мылъкур сом мин 3.955.282,2-рэ хъурт, абы щыщу ягъэзэщIа программэхэм, Iуэхуэхэм мин 3.948.324,6-рэ трагъэкIуэдащ. Я хэхъуэр трагъэсэбэпа ахъшэм елъытауэ сом мин 6977,6-кIэ нэхъыбэщ.

Медицинэм и лэжьакIуэ щхьэхуэхэм я улахуэм хуIагъуи папщIэ республикэм и бюджетым кьыхэкIыу фондым сом мин 118.829,6-рэ кьратащ.

Федеральнэ мылъкум къыхэкIыу сом мин 3.795.906,8-рэ къахуэкIуати, фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэм и кьудамэу щIыналъэхэм щыIэ фондхэм ОМС-м и программэр гъэзэщIа хъун папщIэ сом мини 2.667.863,2-рэ хухахащ. Адэ-анэм зыхуей хуамыгъэзэф сабийхэм, сабий зеиншэхэм я узыншагъэр къапщытэн папщIэ ОМС-м и щIыналъэ фондхэм мелуанитхум нэблагъэ ираташ. Лэжьыгъэ IэнатIэ зырыт щIыхуэхэм я узыншагъэр къапщытэным сом мини 8-м щIигъу трагъэкIуэдащ. ФIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым кьыхэкIыу узыншагъэр зэрыфIэкIуэным хуэхаха Iуэхуэхэм блэкIа илъэсым сом мини 976.478-рэ трагъэкIуэдащ.

ЗэIуIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Къэзыбж-къэзыхутэ палатэм и унафэщI Шондыр Олег, абы и аудитор Фироновэ Надеждэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирмэ, сымэ нэгъуэщIхэри.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Нобэ

УсакIуэ уахътыншэ

Урыс литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ, тхакIуэ, драматург, публицист, критик, лъэныкъуэ кудзкIэ зэфIэкI ин къэзыгъэльэгъуа классик цIэрыIуэ, лIэщIыгъуитIым щIигъуауэ зи Iэдакъэщ1экIхэр зэIэпахыу щIэджыкI усакIуэ гъуэгуанэ Пушкин Александр нобэ кьыщIалъуа махуэщ.

ИлъэС 214-рэ илъэс Москва щыпсэу уэркъ унагъуэ хуэщIам кьыщIалъуат Пушкин Александр. Франджы гУвернерхэм ар зэрагъэсам и фIыгъэкIэ, франджыбзэр фIыуэ зригъэщIат щIалэ гурыхуэм, апхуэдэуи тхыль еджэныр фIыуэ ильэгъуат. КьыхэгъэщIапхъэщ абы и яп уэсхэр а бзэмкIэ итхауэ зэрыщытар. Ломоносовым деж щыщIэдзауэ Жуковскэм нэс я усыгъэм, Мольерэрэ Бомаршерэ я комедиехэм, Вольтер и тхыгъэхэм, XVIII лIащIы-гъэм и адрей узэщIакIуэхэмэ я Iэдакъэщ1экIхэм иджыри сабий щIыкIэ щыгъуазэ хуэхъуат Пушкиныр. Урысыбзэм гу зэрыхуищIар зи фIыгъэр и анэшхуэ Ганнибал Мариерэ кьыкIалъыплъа Ариныр Родионовнэрэщ.

Пушкин Александр кьыщалъуа махуэм ирихьалIэу абы и усэхэм кьыщеджэ пшыхьхэр, зэIущIэхэр зэхашэ, ахэр ди къэралым и щIыпIэ псоми щокIуэкI, хабзэ дахэ хуауэ. Апхуэдэщ Къэбардей-Балкъэр Республикэм и щIыналъэхэри.

Псалъэм папщIэ, Май районым иджы 44-нэ щекIуэкIыну апхуэдэ зэхыхьэхэр. Куей администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм хьыбар кьыхэрыдигъэщIамкIэ, Пушкиным и тхыгъэхэм еджэнэр кьыхэзрагъэпщI Библиотек» нэхъыщхьэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм, Сабий творчествэмкIэ унэм я лэжьакIуэхэм. ЗэIуIэм и курыхьр, «Пушкинский букет, или Мир глазами поэтов» зыфIащар, Май районым и жыгей щIэрыIуэм и лъабжьэм щекIуэкIыну. Романс щэрыIуэхэр жиIэнущ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Логиновэ Наталье, литературэм дихьэххэм кьызэрагъэпэща «Псынэ» зэгуфхэныгъэм хэтхэр усэхэм кьеджэнущ. Абыхэм хэтынущ Налшык икIа хьэщIэхэр: филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шорджэн-цыкIу Нинэрэ Сорос Джордж и цIэр зезыхьэ саугъэтым и лауреат, тхыль тедзапIэм и унафэщI Котляровэ Мариерэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Дагъэзыж республикэхэм

Сочэрэ Абхъаз ымрэ зэпызыщIэ катамаран

АБХЪАЗ. *Автотранспорт мыхъуу, тенджызэ жьы кьабзэкIэ уфаущу Сочэ уикIыу Абхъазым катамаранкIэ укIуэфынуф. Иджыблагъэ кьызэIуахащ а зэпыщIэныгъэр.*

ГУКЪЫДЭЖ зиIэ дэтхэнэ Гагрэ абхъаз курортым кIуэфынущ «Сочэ-1» катамаранкIэ. Шыдмахуэ Олимпиадэм и кьалащхьэм катерыр джкIынущ пщэдджьжьым сыхьэти 8-рэ дакикьэ 30-м икIи пассажирхэр здэжIуэ щыпIэм сыхьэтищкIэ нэсынущ. Сочэ ирэзэжьынущ пщыхьэщхьэм. Кьалэдэсхэми хьэщIэхэми билетхэр кьыщащэху хъунущ Сочэ и Тенджызэ кхъухьтедзапIэм. Абы и уасэр сом 1200-рэщ.

ЛыукIыр ябыд

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и вице-премьер Тебуев Аксар зыукIауэ зыхуэгъэфащэ 6 здэжащIэр Сочэ кьалэм щаубыдащ.*

КЪАЛЭ-КУРОРТЫМ и хабзэхъумэхэм кьызэратымкIэ, ар нэхъапэм суд зыгъащIыхьауэ щытат, КъШР-м и Малокарачаевскэ щIыналъэм щыщ цIыхухъурыщ. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ. Ар зэрарубыдам, и цIэ-унэцIэм теухуа ямыбарыр зэкIэ ягъэнаIуэкъым. Следствэм еубзыку а щIэпхьажагъэм пыщIауэ щытынкIэ хъунухэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъШР-м и вице-премьер Тебуевым, бзаджащIэхэр теуауэ щытащ 2004 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м. Правительствэм и Iэтащхьэм и кьудэзэр зэрыс автомашинэм щэхэр трагъэльальэри, ар игъуэта уIэгъэхэм кьелакъым. Тебуевым правительствэм и нэIэ щыщIэтт кьарузехьэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентым

ЩIэблэм папщIэ

Сабийхэр хъумэнымрэ дунейпсо махуэм, мэкъуауэгъуэм и 1-м, ди республикэм щекIуэкIащ щэбэт щыхьэху. Сабиигъуэр дэIыгъыным, бын куэд щапI унагъуэхэм яIэпэныкъуным хуэунэтIауэ щыта а псапащIэ Iуэхум хэтащ республикэм и предприятэ, Iуэхущ1апIэ куэд.

● Псапэ

ЩIыхьэхум хэта язныкъуэхэр я Iэнатlэм пэрытащ, адрейхэм кьаIэр, абы и Iэшэлъашэр зыхуей хуагъэзащ. КьаIэм дэт кьуплькьущIапIэхэм, предприятэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, школхэм, сабий садхэм, нэгъуэщI Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр егупуащ республикэм и щыхьэрыр нэхъри дахэ зэрыхьуным. Дыгъэпсу кьаIэхуэлIа махуэм щIыхуэхэм зыхуей хуагъэзащ, ягъэхъэбзащ я Iуэхущ1апIэхэм я Iэшэлъашэр, удз гъэгъахэр, жыгыщIэхэр хасащ.

Апхуэдэу щэбэт щыхьэхум хэтащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и Iэщ1агъэлIэр. Абыхэм ягъэкъэзащ Кизиловкэ бгым дежкIыкI Налшыкыпс Iуфэхэр. Сыхьэт зыбжанэм и кIуэцIкIэ зыхуей хуагъэзащ кьаIэдэсхэм зыщагъэпсэхуну яфIэфI щIыпIэр. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Хьэсанэ Руслан республикэм и щIыхуэхэр кьыкорджащ дыкъзэпыхъурейхь дунейм и кьабзагъэр хьумэным, республикэм и щIыхьэрыр нэхъри дахэ хъуным пылъ щIа Iуэхуфlхэр пэжыным. «Щхьуан тIагъэр дапщэщи щытепщэу щыт Налшык апхуэдэу сыт щыгъуи кьрен»», - кьыхигъэщащ абы.

Щэбэт щыхьэхум кьыщIалъэжьа ахъшэр бын унагъуэшхуэхэм хуахахынущ. Ар щIэгъэкъуэнышхуэ хъунущ школакIуэ щIыкIуэр гъэ еджагъэущIэм зыгъэхьэзэрыпынкIэ.

Сабиигъэр дэIыгъыныкIэ фондым хуаутIыщащ сом мелуан 11-рэ мин 412-рэ.

ПЩЫГЪУЭШ Iэсият.

Сабийхэр ягъэгушхуэ

Шэрэдж районым Сабийхэм я махуэр екъэжьауэ щагъэлъапIащ.

МАХУЭШХУЭ дауэдапщэхэм хэтащ «Нур», «Лэгъуэныкъуэ» сабий гъэсапIэхэр, Къэщхьэтау дэт МОУ СОШ-м и пэщIэдзэ классхэм щеджэхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ.

Ди къэкIуэнур зей сабийхэм хъуэхъу псалъэ дахэкIэ захуэзыгъэзэа, район администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Рамазановэ Раисэ кьыхигъэщащ зэманым сыт хуэдэ зэхъуэхъныгъэхэмрэ гугъуехьэхэмрэ кьыдэкIуамэ, сабийхэм я Iуэхур пэрыту зэрыщытыпхъэр.

Къэщхьэтау жьылагъуэ администрацэм и унафэщI Уянаев Аэрэт тепсэлъыхьащ сабийхэм ятелажьэу районым и Iуэхущ1апIэхэр жэуаплIныгъэ ин хэльу я кьалэн гугъуэм зэрыбгъэдэтым. Мыбыхэм кьрахьэлIа лэжьыгъэ купщIафIэхэм я щапхъэ пыуыкIыкIэхэр кьихьри, зэIущIэм кьрихьэлIа псоми (сабийхэм, егъэджакIуэхэм, Iуэсакъуэхэм, адэ-анэхэм) яхъуэхъущ.

Мы махуэм асфальтым трещIыхь суэртхэмкIэ щыкIуэр зэпеуащ. Иужькlэ ягъэзэщIащ кьафэхэмрэ уэрэдхэмрэ.

Гуфlэгъуэ пэжым и кIэухыу щыкIуэ администрацэм сабии 150-м тыгъэхэр яхуищIащ.

Шэрэдж район администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Собнниныр и къулыкъум токI

УФ-м и Президент Путин Владимир арэзы техъуащ Москва и Iэтащхьэ Собнинин Сергей и къулыкъым къыпэрыкIыным теухуауэ къыта лъэIу.

Къэрал унафэщIым иджы Iэ щIидзын хуейщ Москва и Iэтащхьэм и кьалэнхэр Собниныр пIалъэкIэ игъэзэщIэным теухуа указым.

Дызэрыщыгъуаэзщи, мы гъэ бжьыхьэм къалащхьэм и унафэщIыр хахынущ. Иджырей Iэтащхьэр ящыщу я къулыкъым щIэбэныну-хэм. Президентым кьыхигъэщащ Собнининым а хэхьныгъэхэм ехьэлIэныгъэ кьыщихьыну зэригуапэр.

Президентым и чэнджэщэгъу Райс Сьюзан

США-м и президент Обамэ Барак лъэпкъ щыта-гъэзэщIагъэмкIэ и чэнджэщэгъу игъэувыну и мурадщ Райс Сьюзан.

А бзылъхугъэр езы Америкэм и мызакъуэу, дунейм и щIыпIэ куэдми щыщIэрыIуэщ. Абы зэрихьэкIынущ а Iэнатlэм иджыпсту пэрыт Донилон Том, Райс Сьюзан иджыпсту ООН-м и щыIэщ США-м и лIыкIуэу. А къулыкъум игъувыныр Обамэ нэхъ иужьыIуэкIэ хэIущIыIуэ щIынущ.

МафIэгучэр зэкIэ щызэкIуэркъым

Дыгъуасэ Москва и метроы и «Охотный ряд» станцым хуэзэу щIы щIагъым щIэлъ ток кIапсэм Iугъуэ къыхихуу щIидзащ. Иужькlэ абы мафIэс къыщыхьащ.

Ар гъэункIыкIыным цIыху 275-рэ, техникэ зэмылIуэ Жыпсуэу 75-рэ яужь итащ. А къэхъуэкащIэм и зэран цIыху 52-м екIуэу я хат хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм - мафIэсым зэригъэгужьеям и мызакъуэу, абы-хэм Iигъуэри зэран яхуэхъуащ.

Зэман кIэщIым къиубыдэу щытыкIэр тэмэм ящIащ МЧС-м и лэжьакIуэхэмэ мафIэсгъэункIыфIхэмрэ. Пэжщ, мафIэгучэр а щIыпIэм зэкIэ щызэкIуэ хъурэ-къым. Къэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкI.

НОБЭ

♦Пушкин и махуэр Урысейм щагъэлъапIэ.

Урысыбзэм и махуэщ УФ-м и Президентым 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м щыдигъэкIа унафэмкIэ ягъэуващ. Апхуэдэуи, мэкъуауэгъуэм и 6-р урысыбзэм и махуэу кьыщалъытащ ООН-ми.

♦ Украинэм щагъэлъапIэ журналистхэм я махуэр.

♦1944 гъэм ЕтIуанэ фронтым къызэIуахащ.

♦1945 гъэм «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и кьару емыблэжу зэрылажьам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

♦Урыс усакIуэ щэджащ **Пушкин Александр** кьызэралъхьурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ **АпажэАхьмэд** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ Физико-математикэ щIэныгъэкIэ я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, ГъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» - сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уафэгъуэгуэ зыщIэт ушхъ пIалъэ-пIалъэкIэрэ кьыщешхынущ. Хуабэр мазхъэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫКIУ Мариянэ.

Лъэпкъ Iущыпхъ:

ХъуэхъукIэ узэхьхьэу, хъуэнкIэ узэхэмыкIыж.

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2013 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ том 403-рэ кIэпIейкIэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Банк Iуэхуэр

IэмалыщIэхэр яхуегъэльагъуэ

«УнэгъащIэ» программэ хэхам тету, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щIыпIэдзэ щыщхьэщIэм и 31 пщIондэ ятыну тхыльхэмкIэ (заявкэхэмкIэ) псэупIэ хьэзыр къыщащIэжыну, псэупIэ кредитым щхьэщытыкIыпхъэр Хьуманлэ банкым яхуегъэмащIэ.

Акцэм ипкъ иткIэ, псэупIэ къэзыщхунухэм хуагъэльагъуэ Iэмал хэхахэм адэкIэ пащэ: илъэс 12-кIэ къащтэ щIыхуэм ди ахъшэмкIэ илъэсым процент 12 хуоэз, псэупIэм и уасэм и процент 12-р пащIэдзэ взносыр. Акцэм хьыкъуэ щIэуэ ягъэува Iэтащхьэм и 1-м къыщыщIэдзауэ щыщхьэIуэм и 31 пщIондэ тещIыхьащ. Ипотекэм хьыхьэу, апхуэдэу псэупIэр хьэзыр хъуэку щхьэщытыкIыпхъэкIэ щхьэщах.

Хьуманлэ банкым и щIыхуэ хъэзыщтэ щIыхуэм абы пщIэ лей щатыркъым.

- УнэгъащIэхэм я псэупIэхэр ефIэкIуэн, псэупIащIэхэм я рынокым зижьын папщIэ, ипотекэм хуэфащэ мылъку хэльхьэныр ди банкым и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - кьыхагъащ Урысейм и ХьуманлэIэ банкым и Къэбардей-Балкъэр кьудамэм и Iащ1агъэлIэхэм.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Iэрэф Хьэсэнбий и яп щхьэдэхыпIэ

● Фэеплъ

Къэбардей-Балъкъэрым и мызакъуэу, ди къуэш республикэхэми и щIэр фIыкIэ щыIуа журналист КIэрэф Хьэсэнбий кьызэрахьэурэ нобэ илъэс 60 ирокъу.

ЗЭМАНЫР узыпсымыльащщ. Сыт щыгъуи жыдкэру, «Адыгэ псалъэ» газетыр зыгъэбжьыфIэу, и лэжьэгъуэхэр игъэтхэпIэн фIэфIу, цIыху гумызагъэу кьытхэта КIэрэф Хьэсэнбий псэужамэ, нобэ Iэтауэ ягъэтхапIэнут. КьалэмкIэ уи лэжьэгъуэм блэкIа зэманым ити и гугъу пщIыныр пышыкъым. Апхуэдэу щыгъуи, зэрыжаIэщи, цIыхур псэущ ящымыгъупщэу ягу иIыхьу.

Зэ мыхъуми КIэрэф Хьэсэнбий Iущ1ам, абы дэлэжьахэм ар ящыгъупщэнукъым. Езым и жьIэтыгъэхэм ящыщ зы кьэдгъэсбэпынщи, КIэрэфыр лIыгъэр щIыхуэхьэ зезыхьэу кьекIуэкIахэм ящыщщ. Хьэсэнбий кьэзыхьэбзу тетхыхьрт кьуажэ гъащIэм, мэкъуэмэш щIэным, Iэщ гъэхъуным екъэлIа Iуэхугъуэхэр гъащIэгъэуну газетеджэхэм я пащхьэ иритьхьэрт. Абыхэм ящыщ «Уней лъапсэ» напэкуэщIымкIэ чэнджэщэгъу хъарзынэ яхуэхъурт цыхухэм я уней хадэр тэмэму, щIэращIэу, фейдэ кьыпащху эрахьэнымкIэ.

КIэрэф Хьэсэнбий дихьэхырт жьIэтыгъэ кIэщIхэр тхыным. Кьалэмыр и Iэпэгъуми, абы и гум сыт щыгъуи щыIурт макъамэр. Махуэшхуэ, кьызэрыгъэкI зэIущIэ гуапэ ирехъуи, лэжьакIуэ гупыр дызэхуэсамэ, Хьэсэнбий и уэрэдхэмкIэ ар игъэбжьыфIэрт. Зыпищ щымыIуэ сыт щыгъун игъэзащIэ уэрэдхэм я зы сатыр нэхъ мыхъуми, ноби ягу кьагъэльыж.абы и ныбжьыгъуэм, кьыдэхъжьахэм: «Адыгэш кьабзэу сэ си шагъадий...», «Нэ фIыцIитI»...

Ар гукъыдэжьыр кьэзыIэт хъыбархэмкIэ кьыбдэгуащэ, гушыIэ гъэщIэгъуэнхэм ущIэзыгъэдэлэу щыхут. И гур кьабзэу, и псэр зэIухауэ, хьэпэрэ гу щабэу кьытхэта ди лэжьэгъур гъащIэ мащIэт. Зэрыжиlэу щытащи, гугъэ нэпцым ГъащIэ укъреушэкI. ГъащIэм фIыкIэ щыгугъами, кьыхуэнухар арати, и кьаруилъыгъуэу, гъащIэ гъуэгуанэм и яп щхьэдэхыпIэ илъэс цэ ныкъуэм ебэкъуа иужькlэ куэд къимыгъащIэжу дунейм ехьжащ КIэрэф Хьэсэнбий.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Махуэку

Экономикэ Политикэ Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Щым и пІэкІэ тхум хуокІуэ

● Къэралхэр

Астана щыэпсэльащ Таможнэ союзым хэт къэралищым (Урысей, Белоруссие, Къазахстан) я Іэтащхьэхэр. ЗэІуІэр зытегъэщІагъэ щытар зэрызэдлъэныр, зэрызэдІэпыкъуну щІыкІэрат. Зэпсэльныгъэхэм хэтащ Украинэмрэ Къыргызымрэ я унафэщІхэр.

ПУТИН ВЛАДИМИР, Лукашенко Александр, Назарбаевымрэ Нурсултан Евразие Экономикэ совет нэхъыщхьэм и лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІащ. Астана апхуэдизу щрагъэблэгъащ Янукович Викторр, Атамбаев Алмазбекрэ - «щым» ыкІи ІыгъыкІэ «тхум» хуэзкІуэн зэрыхуейм и нэшэнэу.

ХъэщІитМи я закъуэу Путин Владимир итІуэкІэ я ІуцІагъэхъэт. Нужькіэ Лукашенкэр Назарбаевымрэ епсэльащ, «Ахъэ щысащ эхущыкъ хъуэу икІи Іуэху псоми яльэІэсащ», - жиІащ УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий, ауэ абы къыфІигъэжІакъым.

ИужькІэ къэралитхум я унафэщІхэр зэгъуэгу хэпльащ къэралищым я ІуэхущІэм къыщІэІэта Іуэхуэхэм. Украинэмрэ Къыргызымрэ я президентхэм Іэмал яІэт «Таможнэ союзым къэралхэм я зохущытыкІэхэр зэрыщыгъуэм щЫкІэр езыхэм зрагъэлъагъуну», - щІигъэжащ Песков Дмитрий. ПІэжщ, зыри пІэлъэртэкъым тельыджэ гуэрым.

ЗэІуІэм и пкІэ Путинымрэ Назарбаевымрэ зэпсэльат. Урысей Президентым кІыльатащ Къазахстан унафэщІыр интеграцІэм ихъэ телажьу. Абы кІыфІитхъакІыным.

- ДызыхущІэкъур ди къэралхэм я экономикэр нэхъри куууэ зэхэдгъэхъэнмрэ, жиІащ Къазахстаным и Іэтащхьэм. - ИнтеграцІэр щІэсыгъэкІи хуэхъун хуейщ сым и закъуэу и сэбэп зыхэлъхэр пхрызымыгъэкІыфхэм.

Бжыгъэ зэмылЫуэдыгъэхэри къахащ. УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Ушаков Юрий и псалъхэм ятепщІыхьмэ, Таможнэ союзым хэт къэралхэм я ВВП-р доллар триллионым 2,7-м нэсащ. Ар зэрыщыту СНГ-м къыщалъхьым и процент 85-р мэхъу. Абы щыгъуэми зэгухьанымгъэм и къэралхэм я экономикэм изгъэабэ проценти 3,5-кІэ нэхъ лъагэу заІэтащ, дуней псом иху иту щеІыпатуэу. Таможнэ союзым хэтхэм ещанэ къэралхэм драгъэхІуэкІ сатур нэхъапэм эзи здынэмысца лъагапІэм дэкІуеящ - доллар мелард 939,9-р хуэхуащ.

ЛАТУХИНЭ Кирэ.
«Российская газета»

● Щіэныгъэ

Урысей Академием и унафэщІыр

Фортов Владимир Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и президенту зэ ІэІэтыгъэкІэ хахащ.

ИДЖЫРЕЙ хэхьанымгъэхэр щэху гуэрхэм япыщІауи къекІуэкІащ. Ахэр къэсыху ящІакъым Осипов Юрий хэхьанымгъэхэм хэтынрэ хэмытынрэ. Абы хэтын щимыдэм, тхьэгъэпсэлъэмгъуэ куэдым жаІащ зэ ІэІэтыгъэкІэ Іуэхур зэфІэмыкІыну, ещани щыІэну. Хэбгъэзыхьмэ, хуагъэфэщащ къагъэлъагъуэхэм ящыщ зыи академикхэм я зэхуэсым процент 50-м щІигъу къыщыхуэмыхьыну. Абы щыгъуэм, мазиплІ дэкІмэ, хэхьанымгъэм яужь щІэрыщІэу ихьэжьын хуейт.

Іуэхур абы нэсакъым. Сыт академикхэм Фортов Владимир къыщыхахар? Зэхуэсым хэтахэм ящыщ зым дигу къэмыкІа къыджиІащ. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, псори зэпытар жьыгъэрщІ: академикхэм ику иту я ныбжьыр илъэс 75-рэ мэхъу. Абы кьыхэжІыну ику итым кьытеуфыщІащ: илъэс 82-рэ зи ныбжь Алферовым, илъэс 62-рэ «фІэкІа мыхьу» Некипеловри Іуагъэкіуэтащ.

Фортов Владимир ящыщу дунейм нэхъ щыІэрыпІуэ дыдэ урысей еджагъэшхуэхэм. Ар ди къэрал, дунейпсо саугъэтэ куэдым я лауреатщ: УФ-м и Къэрал саугъэтэхэм. Бриджмен, Альфен, Дюваль, Сократ я саугъэтхэм, нэгъуэщІхэм. Фортовыр хэсащ зыкъомым я академиехэм хэтщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Инженер щІэныгъэхэмкІэ льэпсэ академием, Инженер щІэныгъэхэмкІэ пащтыкъ академием (Швеце), Франджым ЩІэныгъэхэмрэ ГъуэзджэмкІэ и академием.

Фортов Владимир илъэс 67-рэ и ныбжьщ. Физтех щІэрыпІуэр кІиуахащ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу, щІэныгъэмрэ технологиехэмкІэ министру (1996 - 1998) лэжьащ, апхуэдэу 1996 - 2001 гъэхэм РАН-м и вице-президентым и къуэлыкъуэри ирихьэкІащ. Мы зэманым а академием Температурэ льагэхэмкІэ и институтым и Іэтащхьэщ.

МЕДВЕДЕВ Юрий.
«Российская газета»

Фадэкіэ «къыхэжаныкІахэр»

Адрей щынальэхэмэ хуэдэу, Ингушыи щагъэльэпІащ Иужьрей уэздыкьэм и махуэр. Республикэм и унафэщІхэм ипІуэкІэ къагъэгугъащ школхэр къэзыуухащ а махуэм «къыхэжаныкІхэр» хэлъщІыпІу ящІыну хэбгъэзыхьащ, телевизоркІэ къагъэльэгъэуну.

АРШХЬЭКІЭ абы имыгъэшынахэри щыІэщ. «Баллить гъащІэм техьахэу 50-м нэблагъэ ефачэ ящыбащ. Ахэр икІи чэф къудейтэкъым, атІэ рулми Іуст. Ингушым Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэм къыхэзритамкІэ, абыхэм я автомашинэхэр пІалъэкІэ къыІахащ, езы «лІыхъужьхэр» ящІыпІщжащ. Ахэр щхьэхуэзкъуэшагъэльэгъуащ телевизорыкІэ.

Къэрэмей-Шэрджес Республикэмэ щауфыщащ нэжэгужэ хьуа ныбжьыщІэ 11. Пэжу, фадэ зыІуэлъхьаращІырт, адрейхэм я щхьэхэр игъэунэхуэу я арыкудейт я маХуэ лъапІэм.

Псори тэрэзу щекІуэкІащ Осетие Ищхьэрэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ. Школыр къэзыухахэм ящыщу абыхэм зыри хабзэ зэхъуэмэхэм щапэщхьэукъакъым.

КОЛЕСНИКОВЭ Наталье.
«Аргументы и факты»

● Тхыдэ

Армэ хужьыр зыгъэунэхъуар

***ТхакІуэ Веллер Михаил и ныбжьыр илъэс 65-рэ прокъу. Абы ирихьэлІуэ зыхуэдгъэзащ, дехьуэхъури, детхуІуащ илъэс 95-рэ ипэкІэ зыщІидза Граждан зауэм тхутепсэльныхьыпу.**

«Пэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ?»

- Сабийхэр зэрырагъаджэ тхытхъэм ящыщагъэльагъэ щІэныгъэ ящІыну. Граждан зауэм 1918 гъэм накьыгъэм и 17-м щІидзауэ. Абы теухуауэ сыт ящІэрыІуэ?

- Белочех гуэрэхэр щыІакъым. Зи гугъу пщІы хьунур австр-мэжарьдэхэм ящыщу гъэр ящІа чехословакхэм корпус щхьэхуэ кьыхэзрихьыкІыкІарт. Абыхэм гукъыдэж ящІар Урысейм папщІы ныІ итащІыну. Нужьыкіэ революцІэ къэхъуауэ, большевикхэм Германием мамырыгъэ зэгуфІэныгъэ иращыліащ. Антантэм кьиІытащІащ къэралыщІэр - Чехословакиер. Абы щыщІэр я унэ ягъэкІуэжьну гъащІуэрт. Ауэ ямыдэу, абы щІыналъэм ахэр ирагъэкІынутэкъым. Абы кьыхэкІыу, властыщІэм ахэр мафІэгум ирагъэтІысхэри, Владивостокк Іэ езыхэм я хэкум ягъэкІуэжьну гъуэгу трагъэхьащ.

ТранснбымкІэ чехословакхэм кьаухэкІуэрт мэжарэхэр (венгрхэр). Ахэри Австро-Венгриеми хьухьэу щытат нкІи гъэру щаІыгъэ КъуэкІыпІэ Сыбырым кьинкІыжьыр. МафІэгуитІыр щызэблэкІым мэжарэхэм ящыщ зым бжэр зэІуихри, Владивостокк Іэ езыхэм я хэкум ягъэкІуэжьну гъуэгу трагъэхьащ.

ТранснбымкІэ чехословакхэм кьаухэкІуэрт мэжарэхэр (венгрхэр). Ахэри Австро-Венгриеми хьухьэу щытат нкІи гъэру щаІыгъэ КъуэкІыпІэ Сыбырым кьинкІыжьыр. МафІэгуитІыр щызэблэкІым мэжарэхэм ящыщ зым бжэр зэІуихри, Іуащ хьакъум и лъэкъуэр идзащ. ГъущІыр зи натІэм техуа чехыр зэуэ іІащ.

Къэувыпэпіэм нэса ящхьлъанэхъуэхэр гущІэгъунщэу щызэхэзыуащ Телеграфыр лажьэртэ, кьэхъуар псоми кьащІащ. Чех губжьахэм мэжарпищІ хуэзІиІ яуІащ, станцІи зэхахьутащ.

- Абыхъэм зыкъыІэтат?

- Ирагъэжьэн и пэкІэ большевикхэр хэтащ чех корпусым Іэщэр кьыІахьыну. Арщхьэкіэ нужьрейм щыщхэм захуагъэ хэпльу жаІащ Іэщэ ямыдагъэ, щыгъыкІар щызэІумыбз дыдэ къэралым щызэуэ дэтхэнэ бандэмэ кьызэрыразгрикуІрыкьнур. Тобэр, бронепоезд щІэнэхэр ятащ, фочэр къызэзыхуагъанэри. Чехэхэмрэ мэжарэхэмрэ зэпэщІэзыва щхьэщІ Троицкэм Москва телеграммэ щІигъыкІар: «Чехословакхэм Іэщэр къатефхэ». Арщхьэкіэ хэт едэІуэжьынт?

Мис апхуэдэ Іуэхуэхэщ «белочеххэм я зыкъэзэтэныгъэзэыфІащам гъаблэжь я хуэзхуар. Граждан зауэм и ирагъэзэщащ цІыхухэм кІуэ пэтми нэхъыбэрэ Сталин ткІийр ягу къащІэжьыкъыр.

Хэт куэзырыр зыгуэшыр?

КІЫХЬЛІЫХЬ хъуа джэгум ижь ящІыкІу цІыхубэм. Псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм. Лэжьыгъэ хьэпэлкІэ къулеят зэрымыкъуныр къагурыІуащи, иджы ныжьыщІыхэр къулыкъущ зыхущІэкъур. Кьыхах тыншу акъышэхуэ ІэщІагъэхэр. ІэщІагъэхэр. Урысейм хуабжьу къащомэщІакІ инженерхэр, техникхэр, Іэщ1агъэлІ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ауэ уэчыл Іэущ1апІэхэр щобагъуэ і - кьызыхэкІри гурыІуэгъэущ: цІыху куэд щыдыгъуэ къэралым щыІэн хуейщ уэчыл куэди. Іулъхьэ кьеІыкъ дотхэнэми щхьэхуэу уэчыл иІэн хуейщ. Іулъхьэшхуэ кьыІихауэ хъыщІэхуэри, иджы дыдэ ящыдащ банкир. Езыр зэрыгъэзэ уголовнэ Іуэху кьызэІуахыным хунэмыс щІыкІэ, абы жиІащ уэчылхэм ярытыну доллар мелуанхэр зэрихьэзэрар. ГурыІуэгъуэ. Абы щыгъуэми, банкиращ ящыдащ Іулъхьэ кьыщыІихым.

ЦІыхубэм къащыдоджэгу гъащІэм и Іэнатіэ псоми. Дэнэкіэ умыплъами, куэзырэр щагъуэ. Арщхьэкіэ кьызэзэкІыр дымыщІэу, куэзыр щІэхуахэр сыт щыгъуи зыхуэзкІуэр влаСтыщ. Мис, пасІалІ ящІ, жиІащ ящІ я улахуэр нэхъри хагъэхъуэнуц. Зэрытлъагъуащи, зыкІи хилъэфэнукъым.

Зэрыгъэр Урысейм щымащІэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, таурыхъэмэ уащрохьэлІэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, хьэлэбэлуу фэ зэхэтет Иван абы щхьэкІэ къэмынэу псоми ятокІуэ: дыщэ джэдыр къегъэІурыщІэ, шы тхыкъей цІыкІум тесу кьежьыь, пащтыхьым и зауэлІэр кьегъапІэ, икІэм-икІэжьым мыльку зыІэрегъэхьэри пащтыхьыпхъур кьешэ. Ар фЫы дэщ. Ауэ Іейр Иван хьэлэболэм и фэр Урысейм и щІыху псоми зэрырапІырщ. Ар цІыхубэм игу ирихьыркъым.

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты»

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Къаугъэ

И мурадыр сыт?

***СМЕРШ-мрэ СС-мрэ зэхащІыхьахэр зыхуэзыгъэзда Гозман Леонидрэ журналистка Скойбэда Ульянэрэ къагъэхьэя къаугъэр ужьыхьыркъым, ар тэзыдзэ «Комсомольская правда» газетым «къытхуэзгъэгъу» жиІэжамі. Нобэ ди псалъэгъуэ Израильм и политологыр икІи публицист цІэрыІуэ Эскин Авигдор.**

Льапіэныгъэ гуэрэ зимыІэ

- Авигдор, уэ уи радионэтынкэм ящыщ зым Гозман Леонид. Тхьэм и ней къыпщІыхуэ, щижапІащ.

- НагъэущІу схуэзфІэкІынутэкъым. Абы жиІэжэр гутехуэгъуейщ. Германиер къытеуэн и пэкІэ Сталин и къэралым Польшэм къиІэпхъуакІэ журтминиплхэр зришэлІащ. Абы щыгъуэми, американхэрэ ирагъэгъэзэжырт щтатІэ ихьэхэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, 1939 гъэм псым щІилъэфащ цІыху куэд зэрыса «Сент-Луис» кхъухьар. Ар американ кхъухь тедзапІэм къыІуагъэкІыжат цІыхухэр ирамыгъэкІыу. БыслъхьэкІыр сщІэрэкым, ауэ нобэ апхуэдэ Іэхуэхэр зыщІэгъупщэжыну зыгуэрэр хущІокІу. Дэ дощІэ Освенцим зыухуахэри ар хуит къэзыщІыжахэр хэтми. Апхуэдэу дыщыгъуазэщ Израиль къэралыр зэфІэувэным нэхъыбэу хэлІыфІыхьар хэтми. Аращи, Совет Союзымрэ нацист Германиемрэ щызэрагъапщэкІэ уи пІэ укъымыкІын пльэкІыркъым...

- Гозман езыр къулыкъущІэщ. Ар «Роснано» къэрал корпорацІэм и унафэщІхэм ящыщ зыщ. ЖыІэнщи, мыбы мыхъумыщІагъэ куэд къыщагъэуатащ. Мелардхэр нэгъэущІ къэралхэм къыщыкутащ, зэрыкъуэ щыкІэр мыгурыІуэгъуэу. Скобейдэ Ульянэ зи гугъу ищІар либералхэрт. Абы и псалъэхэр хуэгъэзауэ щытакъым пІэпкъ щхьэхуэ гуэрми. АтІэ сыт къызыхэкІар урысейм щылиберал псорм журту къыпльытэныр?

- Фэ фи пащхьэм ищ зи гъащІэ псор либерализмэмрэ абы и лІэужьыгъуэхэмрэ пэщІэтыным тезыуха цІыхур. Мы зэманым либерализмэр льапІэныгъэ гуэрэ зимыІэ купщІэнщэщ. Дэ совет зэман льапІэндзэ десащ мыпхуэдэ псалъэ гущІэгъунщэхэм: «Фэ Гитлер фызэзримыуыхьпар хуаукъым». Арщхьэкіэ цІыхухэм «къытхуэгъэгъу» кьыжджаІа ижь, сэ а псалъэхэм мыхьэнэ гуэрэ естыжакъым. Абы къыхэкІыу кьызгурыуэхэкъым да я Іуэхум иджыпсту дыщІепсэльхьыхьыр.

«ЦІыхухэм ящыгъупщакъым»

- Уэ Гозман уепсэльащ. Сыт ар щІэмыльэІуэр жиІар къыхуагъэгъуну? Си адэр зауэм кІуащ и ныбжьыр илъэс 18 мрикъуэ къудейуэ. Нпэ махуэхэм уІэгъэ къащІащ. АтІэ, дауэ сызэримыгъэгубжьынур совет сэлэтхэр СС-м хэтахэм щахуигъадэжкІ?

- А сэ жысІар уэим фщІымэ, щхьэ а гукъвеуэ дыдэр яхувиныдэ? Псалъэм и ІуэхущІ: «Фашистхэм я Іуэхуэ ежа абы? Сэ къывгурыІэ іЫуэфынущ Гозман сыщІапэрыуэм и щхьэусыгъуэр: адрей льэныкъуэр текІуауэ щытатэмэ, нобэ дунейм Гозманэ Эскини тетынутэкъым. Дэ дыкъэзыгъэпахэм фІыщІэ щхьэхуэ яхуэтщІын хуейщ.

- **Европэм щыІэщ Холюкостыр щыІауэ жьпІэу зымыдэ. Блогер цІэрыІуэхэм яхэтщ «Текіуэныгъэ» псалъэм укъыдэлІгъэхьэу къэзыльытэхэр.**

- Мы зэманым Урысеймрэ Израильмрэ я закъуэущ тхыдэм и пэжыр къэзыуэтэжыр. Хэбгъэзыхьмэ, и чэзу хуэгъэнущ СССР-р нацист Германием ебгъэпщэнкІи хуит зымыщІ хабзэ ягъэвыну. Нацист Германиер Іей дыдэщ, зыхэбгъэщІэн щымыІэу, Совет Союзыр текІуа икІи дунейпсо цІыхубэр кьезыгъэпІа къэралщ. Ар льапІэныгъэ ин дыдэу хабзэкІэ щІагъэбыдэн хуейщ. Ар дэ пхрыдмыгъэкІыфмэ, Урысейм и лъабжьэр къэтІэсхъэнущ.

- Гозман мыпхуэдэу гугъэ щыжиІэфынну пІэрэт Израилым?

- Сэ Израилым илъэс 34-рэ хъуауэ сыщопсэу икІи зэи сыщрихьэлІакъым зыгуэрым СССР-мрэ нацист Германиемрэ зыхуагъэдауэ. Ар акъыльым къитІасэркъым. ЦІыхухэм зыри ящыгъупщакъым.

КІуэ пэтми зехъуэж

- Къуэлэпіэм щытрадза тхыгъэхэм деплъати, абыхэм я нэхъыбэр ди ныкъуэкъуэгъуэхэм я телъытэщ.

- Ди жагъуэ зэрыкъэнщІ, ар зы мурадым хуэгъэпса политикэщ. Американхэм жиІэ прибалт, украин нацистхэр бзаджэнаджэу. Ауэ абы щыгъуэми ящІэрыщІ къару дэ диІэкъым. Абы кьыхэкІыу ахэр тедвгъэгъэгушхуэ, я зэран къыдэкІыкъым. СССР-р льапІэжа иужь, Америкэм Урысеймрэ Союзым хэта адрей къэралымрэ ятеухуауэ ирегъэкІуэкІ напэншагъэм тещІыхьа политикэ. Ауэ мы зэманым америкэ политикэм хуэм-хуэмурэ зихъэжу хуежьащ фІы и лъэныкъуэкІэ. Ар дэ Куржьым и щапхъэмкІэ дольагъэу.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр къэхъуну къыщІэкІынущ. Ауэ абы щхьэкІэ урыс щэнхабзэм дуней псом щыиІэта увыпІэр егъэубыдыжьын хуейщ. Сэ бынибл сиІэщ, ахэр псори инритибзэкІэ мэпсалъэ. Арщхьэкіэ зыщІэспІыкІар 1985 гъэм и пкІэ ящхьэкІэ совет фильмхэмрэ мультфильмхэмрэщ - абыхэм нэхъри нэхъыбэ? згъэзатакъым.

- Уэ укъалъытэ Украинэм нацистхэм ядэщІхэм ерыщу пащІэт цІыхуу? Зыгуэр пхуэзфІэкІа?

- Йужьрей кьэхьынгъэхэмрэ къыхуэу, сэ нацистхэр лІыхъужьхэу къалыытэу зымыдэ тхыгъэм Іэ щІеэгъэдзащ американ сенаторхэмрэ конгрессменхэмрэ. Абы нацистхэм ядэІэпыкъуахэм ящыщу къыщыгъэльэгъуат Шухеврэ Бандерэрэ. Ари щІэгъэкъуэн хуахэм ящыщ зыщ Тимошенкэ мыхъуу хэхьанымгъэхэм Янукович щытекІуэныжмкІэ. Іуэльльауэзыу дыдэ кьэхьат: Украинэм и дежкІэ американ сенаторхэмрэ конгрессменхэмрэ я Іуэху еплыкІэр зыхуэбгъэдэнур нэхъапэрэй ЦК-рщ. Абыхэм жаІэм ємыдаІэуэмэ, США-р а къэзэрыдэІэпыкъым кУэд кІэригъэхунущ.

БАРАНОВ Андрей, ЧИНКОВЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

Къэзыхьэхумрэ зыфІахьэхуэхэмрэ

● Іулъхьэ

СощІэж сыщысабиям сызыщыпсэуа унэм и пащІантІм куэзыр щыдджэгу зэрыщытар. Джэгукіэм къыздэкІуэ дыдэт, зэбгъэщІэнуи зыри хэльтэкъыми щІыхуэхэм абыкІэ зытрагъэурт.

АРАУЭ къыщІэкІынщ властым щыхуэм къыхуэгъэзауэ я джэгукІэр Іэзэу къыщІитэсэбэныфри. Иужьрейхэр зыгъэпІейтей Іэзэхуэм куууэ тепсэлъыхьыным икІи ахэр зэфІигъэкІыным и пІэкІэ къыхэгъанэри зэфІегъэкІ - наІуэу зэрыщытщи, хэнам щыри кьигъэувыну хуиткъым.

Псоми яльагъу куэдкІэ щІыхуэхэр зыгъэгузавэр. Абыхэм яужь ихьэн зэрыхуейрэ куэд щІащ. Къэтщ: тэнщи, псалъэм и хьэтыркІэ, мыльку зэзэльэфаІэхэм, дыгъуакІуэхэм (илэжьпІэкІэ я тІури щыщ) япщІэтынщ. Арщхьэкіэ щІыхуэхэм абы хуэгъэзэауэ кьагурыІуэ лэжьыгъэ зэрыпІагъу иригъэкІуэным и пІэкІэ, властым щІыхуэхэр делэу кьыщІегъэдз. ИльэсипщІ ипэкІэ ООН-м кьищтащ коррупцэм пщІэтынымкІэ конвенцІэ. Абы кьыщыгъэльэгъуащ хьэжьвакъэжьышхэмрэ дыгъуакІуэхэмрэ жэуап ткІийм ешэлІэныр. Урысейм къэдгъэзрильэфыхьащ а хабзэм Іэ тримыдзэу. Дыхуэмыхьэзыр жаІэрт. 2006 гъэм жылагъуэм и текъуэзэныгъэкІэ тридзащ. Арщхьэкіэ зы Іэ пльэныкъуэкІэ тридзэри, властым нэгъуэщІыкІэ Къэрал Думэм щыпхъэкІащ мыльку зэхэзыдгъуэхэм тралъхьэ тезыркэр зыгъэщІэб хабзэкэр. «ГущІэгъуныуэ» зыкьигъэльэгъуащ. Ауэ итхэмкІи пІэкІэ щІыхуэр аргуэру делэу кьипытауэ аращ.

Ильэс куэдкІэ ныкъуэкъуэ иужькІэ, икІэм-икІэжьым кьулыкъущІэхэмрэ депутатхэмрэ ирахуІащ я мылькымрэ ягорьхъэ хэхъуэхэмрэ зыхуэдизыр кьагъэльэгъуэнам. Арщхьэкіэ банкым хэлъ мелуанхэр (долларкІэ) е Москва и Іыгъэгъу кьыщищхуэу ягъ пьлапсэ уардэм щІитар кьыздрихамкІэ еупщІын властыр «мэукІытэ» иджыри. «ХабзэншагъэкІэ кьулей зыззращІыкІ» ехьэлІауэ конвенцэм щыубзыхуахэр иджыри пхагъэкІыркъым.

Дэнэ ахъшэр здэпхьар?

УЕГУПСЫС хъунут псоми яльагъу икІи кьагурыІуэ Іуэхуэр щыІэу. ГИБДД-м и лэжьакІуэ кьыззыригъэкІ дыдэм БМВ зыкъызыз, зи кьулыкъыр щрльагъ налог инспекторым доллар мелуанищ и уасэ фэтрэшхуэ иІэмэ... Вузым и ректорым Лондон лъапсэ, спорт ухуэныгъэм унафэ хуэзащІым офшорым ахъшэшхуэ игъэкІуамэ... Сыт кьэнэжьр? Языныкъуэхэм Путин Владимир зэрищІым ещхьу, упщІэр мыпхуэдэу яГъэувын хуейщ: «Дэнэ ахъшэр здэщцыІэр, тІасэ?» Арщхьэкіэ Президентым апхуэдэу щыщІэупщІар зэзэмызэщ, адрейхэр щІэупщІэхэкІэ щхьэкІ. КьулыкъущІэхэри депутатхэри быдзу зэрызэзгъэкъуэтыр нэрыльагъуэ. Абы кьэм уатекІуэфынукъым зэкІэ. «Аргументы и факты» газетым и пэжжакІуэхэм кьулыкъущІэхэм Рублевкэ шоссем егъэщыпІащ ягъ ящ уардзкэр вертмуетэ я щІыпІ. КьулыкъущІэхэм депутатхэм быдзу зэрызэзгъэкъуэтыр нэрыльагъуэ. Абы кьэм уатекІуэфынукъым зэкІэ. «Аргументы и факты» газетым и пэжжакІуэхэм кьулыкъущІэхэм Рублевкэ шоссем егъэщыпІащ ягъ ящ уардзкэр вертмуетэ я щІыпІ. КьулыкъущІэхэри зрильэфыхьащ а хабзэм Іэ тримыдзэу. Дыхуэмыхьэзыр жаІэрт. 2006 гъэм жылагъуэм и текъуэзэныгъэкІэ тридзащ. Арщхьэкіэ зы Іэ пльэныкъуэкІэ тридзэри, властым нэгъуэщІыкІэ Къэрал Думэм щыпхъэкІащ мыльку зэхэзыдгъуэхэм тралъхьэ тезыркэр зыгъэщІэб хабзэкэр. «ГущІэгъуныуэ» зыкьигъэльэгъуащ. Ауэ итхэмкІи пІэкІэ щІыхуэр аргуэру делэу кьипытауэ аращ.

Ильэс куэдкІэ ныкъуэкъуэ иужькІэ, икІэм-икІэжьым кьулыкъущІэхэмрэ депутатхэмрэ ирахуІащ я мылькымрэ ягорьхъэ хэхъуэхэмрэ зыхуэдизыр кьагъэльэгъуэнам. Арщхьэкіэ банкым хэлъ мелуанхэр (долларкІэ) е Москва и Іыгъэгъу кьыщищхуэу ягъ пьлапсэ уардзкэм щІитар кьыздрихамкІэ еупщІын властыр «мэукІытэ» иджыри. «ХабзэншагъэкІэ кьулей зыззращІыкІ» ехьэлІауэ конвенцэм щыубзыхуахэр иджыри пхагъэкІыркъым.

ДЕМЕНКЭ Сергей.
«Российская газета»

● Телъыджэ

Ильэс меларди 2,4-рэ и пэкІэ

Канадэм и еджагъэшхуэхэм къэралым и щІынальэм кьыщагъэуатащ ильэс меларди 2,4-рэ зи ныбжь гуэл. Ар кинокъэтри 2,4-рэ и ныбжьыр зыхуэдгъэзащ, щІэльщ щыІэм хуэдэу зэхъэжьауэ. Абы и ныбжьыр зыхуэдгъэзащ кьахутэн папщІэ, ксеноным и изотопхэр кьагъэсэбэпащ.

ЕДЖАГЪЭШХУЭХЭМ зэрыжаІэмкІэ, гуэлэр кьагъэщІэрэщІэжьыфынущ. Абы водород, кислород, метан, аммиак хуэдэхэр, нэгъуэщІхэр хэльщ. ЭкІэ Іэщ1агъэлІхэм щІадзакъым псым хэм имыльагъу микроб зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщІальытащ. Геологхэм щэч кьыщІрахьэрхьэм абыхэм я кьхуэтэныгъэм микробхэм я кьеФуэкІыкІар джынымкІэ щІэгъэкьуэныщхьуэ зэрыхъунум.

- СМИ-хэр епІэщІэкІри, гуэлэр кьыззрагъуэтам, абы щІэуэ «кьыдащІэнум» техуауэ хъыбарыр кьытрадзащ, арщхьэкІэ ар щІэгъэкъуэн хьунукъым: гъэщІыкІакІуэхэр тралъхьэ тралъхьэ ящІэкІащ. Совет республикэм щыІэуэ ящІ. ЖьгъэщІ, мыбы мыхъумыщІагъэ куэд къыщагъэуатащ. Меларди 2,4-рэ и пэкІэ щІидзауэ, ар щІэльщ щыІэм хуэдэу зэхъэжьауэ. Ар ныбжьыр зыхуэдгъэзащ. Ар дяпэкІэ зыри кьыфІетхъыкьнукъым. Ар къэзыгупсысари Ленинградскым, атІэ Троцкэрат.

КьнунтІу уваш зауэлІ мелуанитху зыхэт Дэ Плъыжьыр, сыт хуэдэ унафи зыгъэзащІну хъэзырыр. Абы хэтт гвардейцхэм нэхъ ещхь латыш, китай гупхэри. Абыхэм щІыхуэр зэщІэкъуэкъым: сыт щыгъуи зэщІэкъуащ, ефэркъым, абы кьыдэкІуэри хьэрэмыгъэнщэщ.

Ящу китай гупІ Кишинев щызэхэзышар нафІэкІэ ирыкІыжьхэм я дзэзешэ хъуа Якир Ионэщ. Китай щыхуэу езыри ажалым щымыщІнэу, абы щытгъэми, хэтт гущІэгъунщэу нукІыну хъэзыру кьыщІэкІащ. Апхуэдэ зауэлІ 400 хэтащ Якир и дивизэм. Лениным и щхьэхуэмэу и Іуэхущапіэм щІэсахэр япэ щыщІкІэ китайхэрщ, нужьыкІэ латышэхэрщ.

Демократиер сэбэп къахуэхъуфакъым...

- Сыт атІэ хужьхэм пащтыхьыр кьыщІрамыгъэпыфар?

- Сытыт ар абыхэм зэращІынр? Пащтыхьыр текІа нужь, ахэр абы тхъэрыпІуэкІэ кьыпыкІахэт. Совет фильмхэри хуэм офицерхэр пащтыхьым щхьэкІэ зауэ кьыщІгъэльэгъуар. Абыхэм я щІыхуэр зэрыщытар Урысейм и тельхьат.

- Пащтыхьыр зэрытекІар арауэ пІэрэ езы Граждан зауэр кьэхъенныр кьызыхэкІар?

- Пащтыхьыр текІри, зэман дэкІауэщ Граждан зауэр кьыщІыхьэр. Мис а зэманырщ демократиер нэсым и тепщэгъуэу щытар. Ауэ а демократием хуэзфІэкІахэм къэралыр зэкІэщІмэ тьэнкІи. ПІыльхьэр, нахьапэм хуэдэу, зэхадыгъуэт. Демократиер хабзэхэм ящыгъэ яІэтэкъым, парламенти, хамэ унафэ щІэныгъэ суди кьыхуэгъэзэпэщащэкъым. Арати...

МОИСЕЕНКЭ Андрей.
«Комсомольская правда»

● Ирак

2003 гъэм Хъусейн тридзу, абы дин, льэпкъ зэхэгъэж яримыгъэщІу зэтрИыгъа къэралыр США-м щызэтрикъутэм, Пандорэ и пхъэнтэм и щхьэр трихауэ кьэпльытэ хъунущ. Иджы КъуэкІыпІэ Гъуэнэгъуэ хиубыдэ щІынальэхэм шинтхэмрэ сунитхэмрэ гущІэгъунщэу зэрыщыІэзэзэуэнум щызыхьэмэфын

Лъэпкым и къуэ пажэ

Режиссер Іэзэ Шэрыіужь Анатолэ къыізэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

Шэрыіужь Анатолэ Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. 1953 гъэм Москва дэт ГИТИС-м и актер факультетым щіэтІысхьащ, адыгэ студием хэту. 1958 гъэм еджапІэр къыхуіу Налшык къыгъэзэжа нэужь, Щоджэнщіыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Іэмхьэн щыщіэзащ. А Іэнатіэм пэрытащ 1961 гъэ пщіондэ, ГИТИС-м и режиссер факультетым щіэтІысхьажыхькІэ. ЕджапІэр екъулІэныгъэкІэ къыщыхухым, Барнаул дэжьакІуэ ягъэкІуащ. КъБАССР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и лъэІукІэ, Анатолэ Налшык къашэжат. Ар Іэмхьащ Музыкэ театрым и режиссеру, режиссер нэхьыщхьэу, художественнэ унафэщіу.

Шэрыіужьыр зи Іэщіагъэм хуэІэнэжь режиссерт. Абы фІыуэ кьехьуліэрт ди тхакІуэхэм я пьесэхэм кьытращыкІ спектаклхэри дунейпсо классикэри. Анатолэ игъэуба оперэхэмрэ опереттэхэмрэ цІыхухэм ягу кьинэжащ. Апхуэдэхэщ, Берди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», Леонковалло Руджеро и «Паяцы», Бизе Жорж и «Кармен», Къардэн Хьэснэрэ Балэ Мухьэдинрэ эздатха «Мадинэ» оперэхэр, Листов Константин и «Севастопольскій вальсъ», Модунью Доменико и «Черный дракон», Эшпай Андрей и «Звезда экрана», Легар Франц и «Цыганская любовь», Портнов Георгий и «Улыбнись, Света», Балэ Мухьэдин и «Шэмхьун и фызышэ», Кальман Имре и «Сильва», Фельцман Оскар и «Пусть играет гитара», Штраус Иоганн и «Цыганский барон», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Молэ Владимир и «Къагъэпщіа псэльыхьуэхэр», Легар Франц и «Веселая вдова», Жырыкь Заур и «Гум и щэхуэхэр», Портнов Георгий и «Третья весна» опереттэхэр, нэгъэзыіуэхэр.

Артист, режиссер Іэзэ Шэрыіужь Анатолэ пасэу дунейм ехьажащ, ауэ цІыхухэм фІыкІэ ягу кьыщІинэ лъэужь дахэ гъащІэм кьыщІинащ.

И благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъухэм я гъусэу зегьэпсэху. *1982 гъэ*

ЩІэблэм я щапхъэ

Шэрыіужь Анатолэ режиссер нэхьыщхьэу Музыкэ театрым щыщыІа зэманым КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм сыщылажьэрти, щІэх-щІэхьурэ дыдэхуэзэрт. Абы кьыдэкІуэу, дыдэгъунэгъут, ди бжэхэр зэхуэгъэзэуэ.

ТОЛЭ теухуэ гукъэкІыжхэр куэд мэхъу. Абыр сэрэ дызэхуэмызэу, дызэрымыІэгъуу илъэс 20-м кьриубыдэу мазэ щІагъуэ блэкІакъым. Пщыхьэщхьэхэм ерыскъы Іэфі зытет Іэнэм дыпрысу Іуэжыгъэ Іуэхуэкіэ къыдэхуліахэм дытепсэльыхьыжу дыщыст. Зэфіэкі имымащіэми, и щхьэ щытхъужу зэи зэхэпхынтэкъым. Іэдэбгъэрэ щэнфІагъэуу хэлъым нэхьри игъэбжьыфІэрт. Апхуэдизкіэ гушыІэдахэр и Іэпэгъуэ, мыхьэнэшхуэ имыІэу къэпльытэ зы Іуэхуэгъуэ гуэрым теухуауэ гъэщІагъэуэн гуэркэр къущидз щыІэт. КІуэаракъэ, апхуэдизкІэ хьэл-щэн дахэ куэд зыдэпльагъу цІыху «бегьымбар» псэуащи, мо уафэм щыІбэ вагъуэм хуэдэу нобэр къыздасым си нэгу щІэтщ.

Режиссер Іэзэм игъэуба спектаклхэр Музыкэ театрым и лэжьыгъэ нэхъыфІхэм ящыщ. Ахэр цІыхухэм ягу кьинэжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Шэрыіужьыр режиссер нэхъыщхьэу щыІэжьа зэманым театрым иІа зэфІэкІым хуэдэ нобэ дэпльагъужыркъым.

И щхьэгъусэ Мирэ цІыху губзыгъэщ. ЖыпІэнэркъэ, и бжэр хьэщІэхэм сыт щыгъуи яхуэзэІуащ. «И Іэгу и Іэнэу мэпсэу», - зыкъжаІэхэм хуэдэщ. Я бынхэу Анзоррэ Залинэрэ си нэгу щІэту кьэтэджащ. Зэщхьэгъусэхэм зэхуэщытыкІэ дахэ, пщІэ, нэмыс яку дэпльу къэгъуэгурыкІуащ.

Шэрыіужь Анатолэ хуэдэ цІыхухэр республикэм и щІэблэм едгъэцІыхун, абыхэм я гъащІэм щапхъэ тредгъэхьн хуейуэ къызолъытэ.

БЕТЫГЪУЭН Іэуес,
Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ къудамэм и Іэтащхьэ.

Адыгагъэ нэс

А хьэблэм сащыхьыхьам Толэрэ Мирэрэ узэхъуапсэ хъун зэщхьэгъэсэт. Щыхугъэрэ адыгагъэрэ зэрахэтыр я нэгум ипльагъэрт.

ТОЛЭ и къуэш нэхьыкъ Хьэсэн, Псыгуэнсу къуажэм дэсым, я гупэм дыкьисщ. И унагъэм щыІагъу режиссер щрыІуэр къуажэм къэкІуэжа нэужь, хьэблэм дэсыр лъагъунІьагъу дыкІуэрт, фІыуэ тІьагъурти. Езыхэри кьытщыгуфыкІырт.

Абы и гъэмышІэми дыщыгъуазэт. Игъэуба спектаклхэм дригъэблагъэрэ деплъу щытащ. Ахэр нобэр къыздэсым дигу кьинэжащ. Толэ цІыхугъэ, адыгагъэ нэс дэтлъэгъуащ. Ар цІыху кьызэрыгуэкІт, щабэт. КъащІэмэ, зэкъэуэш псоми а хьэлыр яхэтыщ, унагъуэ тэмэмым зэрыщапІам и нэщэнэу.

Режиссер Іэзэр, цІыху гъэзэждэжэр пасэу дунейм зэрехьажар ди жагъуэ хуэщ. Зэман куэд дэкІыркъым Толэ дигу кьэдмыгъэкІыжу, гъащІэм кьыщІна лъэужь дахэм дытемыпсэтлъыхьу.

ТЭРЧОКЪУЭ Фаридэ.

Зэи уиущийртэкъым

Шэрыіужь Анатолэрэ сэрэ фІы дыдэу дызэрыльагъуу дыкъэкІуэкІащ. Дэ тІур Москва зэгъуэгу дыщыІащ - ар режиссер Іэщіагъэм, сэ актерым дыхуеджэу.

АБЫ щыгъуэ япэ дызэхуэзауэ арат икІи псэухукІэ дызэрыгъэныбжьэгъуащ. Толэ дунейм зэрехьжра илъэс пщыкІубл мэхъу. Накъыгъэм и 15-м, ар кьыщалъхуа махуэм, и благъэ щІэ, и Іыхьлыхэр, дэ, и ныбжьэгъухэр, и унэм дыщыізэхуосри, ди гукъэкІыжкэмкІэ дызэдогуашэ. АпхуэдизкІэ илъэс кьэси. Арыншауи хьунукъым, сыту яІпІэмэ абы дэ къытхуигъэнащ зэи дигу имыкІыжьэн псалъэ Іэфіхэр, гуапагъэу, цІыхугъэу, нэмысу хэльар, пщымыгупщэж гукъэкІыж дахэхэр.

Музыкэ театрыр кьызэрызэІуахрэ дэ тІур дызэдэлажьащ. Абы игъэуба спектаклхэм сыхэтащ. Апхуэдэщ, «Севастопольскій вальс» (Бессмертный Генкэ и ролыр), «Шамхьун и фызышэм» (Мафыкъ Лыжьыр), «Гум и щэхуэ» цІыхубэу сыщыджэгуэу щытащ. НэгъэущІ куэдми роль гукъинэжхэр щызгъэзэзэщІащ. Иджьыстчи кьеізбжэкІыфынущ ахэр, ауэ дызытепсэлъыхь Толэ и лэжьыгъэр абыкІэ къэгъэльэгъуэ хъунУ кьысщыхуркъым.

Сыту тыншт Толэ удэлэжьэну! Абы хуитыныгьэ къуитырт уэ узэрыхуейм хуэдэу ролхэр бгъэзэщІну, итІанэт ныкъусаныгъэхэр кьыщыбжийэр. Ари уэ езым мыхъуауэ пІэрэ ямпІэу уи гум къыщыкІ тепльэгъуэхэм щытехуэр куэдыкІейт. Толэ зыхищІэрт актерым кьыкъуплІэу кьыщыкъуар.

И цІыхугъэкІэ Толэ хуэдэ срихьэлІакъым. ЦІыху гъэзэждэжт. Абы щыхьэт техуэу щапхъэхэр сигу кьыщыкІыжкІэ, тІэщІэкІа цІыхур зыхъуэдэр, апхуэдэ абы фІэкІа дяпэкІэ дызэрыримыхьэлІэнэр соцІэри, си жагъуэ мэхъу. Сыт дунейм здытетхыфынур? Зыри. Ар Толэ фІы дыдэу кьыгурыІуэрт.

Шэрыіужьыжьым хуэдэу цІыху щабэ, Іущ, щапхъэ пхуэхъу, ч энджэщкІэ узымыгъэщІэхъу урихьэлІэмэ, уи насыпу аращ. Абы сыдэпльейуэрэ и хьэл-щэн, щытыкІэ гуэркэр сэри кьыхсхьыкуэ кьысщыохъури, абы сыщогуфІыкІ. Ауэ си закъуэкъым, Толэ дэлажьа псори абы и гъэсэну щытауэ жыпІэ хъунУ кьыщІэкІынщ. Абы уигъэІуущыртэкъым, уиущийртэкъым, езым и щытыкІэ дахэм уигъэхэсурти, уэри ешъ, гуэр зэрызыхэпльхьэным ухущІигъэкъурт.

Толэ дэлажьа дэтхэнэми еуупщІмэ, зыкІэжи Іэфыщіу абы гуапагъэ кущыбгъэдэкІыжу зэрыщытар. ЦІыхухэми, дунейпсо гъащІэми гу щимыкъуауэ Толэ тхэкІыжащи, дэ абы дыхуэнэкъуэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Шэрыіужьыр *(сэмэгумкІэ щысщ)* артистхэм ядолажьэ. *1979 гъэ*

Анатолэ и гушыІэр сытым дежи щІэщыгъуэт. *1982 гъэ*

Псэ къабзэ

Си адэ-анэр зэрыщІэжым хуэдэу си адэкъуэш Толи фІыуэ соцІэж. Сыкъэзыпхуахэм зымащІэжи пезмыдзыхьу ар фІыуэ ельагъуу щытащ.

ДЫЩЫЦІЫКІУМ Толэ ГИТИС-м щеджэрт. Езым щхьэгъуэи быни иджыри иІэтэкъыми, и быным хуэдэу фІыуэ дыкъильагъурт, гулыІтэщхуэ къытхуищІырт. Ди унагъуэм и мызакъуэу, лъэпкым ди гуфІэгъуэшхуэт Толэ Москва къыщикІыжыр. Апхуэдэхэм деж нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри лъагъунІьагъу къытхуэкІуэрт. КъыщыкІуэжкІэ щыгъын щІэщыгъуэхэр къытхуихьурэ дигъэгушхуэу зэрыщытар нобэми ІэфІу дигу кьинэжащ. Толэ езым унагъуэ щигъуэтар нэхъ гуваущ. Ауэ, бын кьыщІэхьуа мужыкІи, къытхуиІэ лъагъунІьэмрэ гулыІтэмрэ зы мащІэкІи кІэригъэхуакъым.

И тепльэкІэ Толэ лъагъугъуафІэт, щІалэщхэт, зэкІуэжт, и хьэлщэн, и дуней тетыкІэкІэ щыху пэжт, псэ кьабзэт, губзыгъэт. Фы и лъэныкъуэкІэ абы куэд хуэмыпІэфынущ. И концерт-хэм сыщышІыхьэм дэж абы и утыку итыкІэм, и псэльэкІэ жыІэм сигъэгушхуэрт. ЖыпІэнурэкъэ, лъэныкъуэ куэдкІэ ар сэркІэ щапхъэти, ещхь сызэрыхьунум сыхущІэкъуу сыкІэлъыпльэрт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Толэ и ныбжьыр илъэс 63-рэ фІэкІ мыхьуу зэуэзэпсу тхэкІыжащ.

ШЭРЫІУЖЬ Аслъэн.

Ар сигу ихунукъым

«ЦІыху хьэлэмэту щытащ» жаІэ хабзэщ. Куэд кьызэщІеубыдэ хьэлэмэт псалъэм: нэмыс, адыгагъэ, гъэсэныгъэ, Іэдэбгъэ, зэфІэкІ, нэгъуэщІ Іэджи.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, апхуэдэ цІыху куэдрэ урихьэлІэркъым. ШэрыІужь Толэ пцІы иупсыну, зыгуэрым и жагъуэ ищІыну, уеблэмэ ІейкІэ тепсэльыхьыну игу кьэкІыхьэу щытауэ си фІэщ хъуркъым.

Дэ тІур ГИТИС-м дыздыщІэсащ, игъэпсэ Музыкэ театрым илъэс 20-м щІигъуКІэ дыщыздэлажьащ. Абы игъэува оперэхэр, опереттэхэр ноби куэдым фІыуэ ятьагъу. Сэ а цІыху гуапэр зэи сигу ихужьнукъым.

МЭКЪУАУЭ Хьэсэн.

Адыгэ псалъэ

Адыгэ псалъэ - Ди Адыгэ Республикэм и Парламентым ипхыгъ, Адыгэ Республикэм и Конституцэм и 6 щапхъэм и 1 щапхъэм и 1 Іахь зэрилъытэрэ

Гъуазджэр фIыуэ зылъагъэхэр. КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ Хьэмыку Жаннэ и творчествэм дихьхьхэр Къбэрдей къарал драмэ театрым щыIэхуэсат. Жаннэ и бенефису агъэлъэгъуаш итальян драматург Николан Альдо и пьесэм къытращIыкIа «Гульытэншэ хъуахэр» спектаклыр (ныгъэ)вищ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Фырэ Русланц).

● Пшыхьхэр

Хьэмыку Жаннэрэ ар фIыуэ зылъагъухэмрэ

ТЕАТРЫМ и артистхэм дахэу утыку кърахьащ гъащIэм и зы Iыхьэ пэж: зэгуэр езыхэри и ныбжьым зэрыпэсынур ямыщIэу бынхэм я адэ-анэм лей зэрыгъагъэхьэр. Жьы хьуахэр щапIыжь унэм къыщыхъуу Iуэхугъуэщ спектаклым кынгъэлIагъэр, ауэ абыкIэ жьIа мэхъу нэхыжьхэмрэ нэхыщIэхэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэр, къэзылъхуахэм хьэм и пщIэ зэрыхуамыщIыр, я щхьэ ифIфIэкIа къызэрамылъыхьуэм, мылъкум я нэр къызэрыщрихъэпхъуам цыкIу сэфэтым зэрыришыр. «ГъащIэ гъуаб», зэпыгъуэ, хэкIыпIэншагъэ, къызэбгэкIа гъащIэм епха гукъэкIыж»... а гупсысэхэр и кIыхьагъкIэ щыпхьшащ абы. «Бынхэм дрэ дуей зырыз дытет хуэхьащ, псом нэхьыфIыр зыми ущымыгугъу упсэунырщ» - а гупсысэр щIегъэбыдэ спектаклым. Ар пэжщ, ауэ узэрыхуей дыдэм хуэдэу щыхъукъым гъащIэм, къыпинкIухьыи, дэпчыхьыи, уи гугъэм пэIэщIэ гъэрхэм зыщыдзгъэшын хуэдэ щхьэ къохьу. АтIэми, ар уи адэ-анэм елыытами, абы гуитIщхьитIыгъэ гуэри къыщIыхэкIын щыIэкъым. Ауэ ар къагурыIуэркъым Нинелрэ (ролыр зыгъэзащIэр Къэжэр Борисц) Мимирэ (Хьэмыку Жаннэ) я бынхэм. ЯхуэфIэкIраци, бынхэм я жьIэм къыщIэкIыну хэтщ, тIэкIу кIасэIуэу къыщыхъуми, насып кIапэ эрагъэгъуэтыным папщIэ.

Спектакль нэужьым утыку къихьащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIа артистхэ **КIэхумахуэ ФатIимэ**. Абы япэу сценэм къригъэблагъэ хъыджэбз цIыкIум псори хъэщыкъ ищIат. Хьэмыку Жаннэ и къуэрылъху Денизэ анэшхуэм макъамэкIэ екъуэ-хъуащ, уэрэдитI дахэ дыдэу игъэзэщIащ (и гъэсакIуэр Бжьыней Маринэщ).

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ ираташ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщзэгъу **Уянаевэ Iэмишат**.

- Актер Iэщагъэр кыхэзыхам цIыхубэм и пщIэ хуэфащэщ, абы ину ирипагъэ хъунущ, сыту жьыIэмэ псэ къаруэ хэплъхьэу утыкум ущыджэгуныр, роль тъэщIэгъуэнхэм уихьэу ахэр пэжагъ ин хэлъу къэппсэуныр зыхуэзэфIэкIынур зэчийм и мызакъуэу, лыгъэшхуи зыхэлъ цIыхурщ, - жиIащ Уянаевэм. - Зэчийр Тхъэм и тыгъэщ икIи ар Хьэмыку Жаннэ иэсу кынгъэсэбэнащ. Ар дэ дольагъу театрым дыкъэзIуэху. Актер нэхъыжьхэм хаща лъагъуэм дахэу ириIуэ актрисэ лъэщщи,ефIэкIуэну ди гуапэщ.

Мы гъатхэм къриубыдэу Къэбэрдей къарал драмэ театрым бенефисхэмкIэ дызэригъэгуфIэр къыхигъэщащ къыкIэлъыкIуэу псэлъапIэр хуит зыхуащIа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Аминэ**. Зи махуэр зыгъэлъапIэ Жаннэ ехъуэхъуа нужь, ар министрым къыбгъэдэкI тхыгъэ гуапэм кьеджащ.

Хьэмыку Жаннэ и лэжьыгъэм, и гъащIэм, и цIыху щIыкIэу зыщыгъуазэм гуапэу и гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэльащ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Дол Анжелэ**, а Iуэхущапм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI **Токъуий Мадинэ**, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ **Куэтэншы Хьэлимэт**, Тэрч район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **КIэрэф Мурадин**. Утыкум кьадит я нэхьыжьгъум псалъэ Iэфкэр хужаIащ УФ-м щIыхь зиIэ артистэу **ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Балъкъыз Валерэрэ**, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къэжэр Борис**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Хьэмыкум щыдэлажьэ **Балъкъэр Тамарэ**.

ЗэIуэщIэм и кIэхъуну микрофоныр къыщтащ езы **Хьэмыку Жаннэ**. Пшыхьыр къызэзыгъэпэщащэми абы кърихьэлIа псоми фIыщIэ ин яхуищIа нужь абы жиIащ:

- Артистым сытым дежи упщIитIкIэ зыхуагъаз: щыщIалэм - и хъуэпсапIэм, и ныбжьыр хэкIуэта нужь, насыпифIэрэ и мурадхэр къехъулIа-кьемыхъулIарэ. Мыращ а упщIэхэм теухуауэ жысIэфынур. Хуабжьу сыдигъуэ сыщыгугъаи, абы сыхуэмыфащэу къыщыщыхъуаи кхъэхъуащ. Нэхъ гъащIэ хуиткIэ, нэжэгуэкIэ сыпсэуну сыщыхъуежьаи щыIащ, арщхьэкIэ ар сэрэтэкъым. Араущи, нобэ зы цIыхум нэхь мыхъуми псэхугъуэ гуэр лъэзгъэIэсамэ, адэкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сыдлэжьэнущ. Дэнэ сэ си ныбжьыр здынэсар?!

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Чэрим** *трихащ*

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуапым ирашалIэ

Прохладнэ районым и прокуратурэм къыпщыщащ «Урысей Федерацэм и цIыхухэм я тхылъхэм зэрыхэпльэ щIыкIэм и Iуэхукъ» 2006 гъэм накъыгъэм и 2-м къащта Федеральнэ закон №59-ФЗ-р куейм и щIыпIэ администрацэхэм зэрагъэзащIэр.

КъыIэРАХУТАМКIэ, зэрызыхуагъазэхэм зэрыхэпльэн хуей пIалъэр къызэпауэ, тхыгъэкIэ жэуап ратыжьырыкъым. КъищынэмыщIауэ, цIыхухэм я тхылъ куэд гулъытэншэу къагъэнауэ къызыщIэкIа.

Къэпщытэныгъэхэм къарикIуам икIи ткIэ, районым и прокуратурэм куейм и зэзыгъэкIуэ судым тхылъ 57-рэ иритащ. Суд унафэхэм тету, «Котляревскэ станицэм и амбулаторэ» къэрал бюджет Iуэхущапм и лэжьакIуэ 16-м, «Альтернатива-КХ» муниципальнэ предприятэм ящыщу 41-м я улахуэхэр Iэрагъэхьажащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапм.

Улахуэхэр иратыж

Майр районым и прокуратурэм лэжьыгъэмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр къыпщытащ.

А IУЭХУР щрагъэкIуэкIым Котляревскэ станицэм и амбулаторэм улахуэмкIэ щIыхьэу сом мини 106-рэ 888-рэ тельу ахьхутащ. «Альтернатива-КХ» муниципальнэ предприятэм ар сом мин 428-рэ щIыхьэрт.

Къэпщытэныгъэхэм къарикIуам и кIэ, районым и прокуратурэм куейм и зэзыгъэкIуэ судым тхылъ 57-рэ иритащ. Суд унафэхэм тету, «Котляревскэ станицэм и амбулаторэ» къэрал бюджет Iуэхущапм и лэжьакIуэ 16-м, «Альтернатива-КХ» муниципальнэ предприятэм щыщу 41-м я улахуэхэр Iэрагъэхьажащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапм.

Гъунапкъэр зыхъумэхэр

● ПщIэ лъагэ

Къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щIэм къулыкъу щезыхьэкIхэм я махуэщхуэр иджыблагъэ ягъэлъапIащ. Абыхэм я дежкIэ ар махуэщхуэ тIуащIэт: Урысейм и Гъунапкъэхъумэ Iэнатlэр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 95-рэ, 43-нэ Баракъпльыжьэхьэ гъунапкъэхъумэ гупыр (управленэм ипэ итар) Азэрбайджан Республикэм кърашыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIынальэм зэрыщыуврэ ильэс 20 ирикъащ.

ИЛЬЭС къэс а махуэщхуэм зэрешалIэ Хэкум и гъунапкъэхъумэ минхэр. Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкI махуэщхуэ зэхьхьэм зэхуищэсат гъунапкъэр хъумэныжьмкIэ кьалэным пэрыуба щIалэщIэхэр, зи щхьэцыр кьетхъуха кьулыкъум и ветеранхэри. Абы къриохьэлIащ КъБР-м и унафэщIэм, Мэзкъу областым и Руз куейм я лIыкIуэхэр, республикэм и хабзэхъумэ, къаруэхьэ Iэнатlэхэм, жьлагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, кьалэ, куей администрацэхэм я унафэщIхэр.

Пыlэ щхьэнтlэр зыщыкъэрыгъ зауэлIхэр маршым щIэту унафэщIхэмрэ хьэщIэ льапIхэмрэ яблэжащ. Урысейм и гъунапкъэхъумэ къулыкъум лIыхьжьыгъэр и куэдщ. Иджырей щIэблэм япэ итахэр я щапхьэу Iуэхум адэжкIэ пащэ. Гъунапкъэхъумэ управленэм и пщIантlэм щагъэувэ мемориалым дежщызэхуэсащ махуэщхуэм кьрихьэлIахэр. Лъхъэнэ, ильэс зэхуэмыдэхэм, иджырей зэманым зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу ахэр дакъикъэкIэщымащ.

Адэжкlэ спорт кьалэ цыкIум Гъунапкъэхъумэ управленэм и лэжьакIуэхэм я Iэзэгъыр щагъэлъэгъуащ. ИужькIэ хьэщIэхэр губгъуэ пщэфIапIэ зызыIубгъуам ирагъэблэгъащ. Махуэщхуэ зэхьхьэр концерткIэ ихуащ.

УЭРДОКЪУЭ Идар.

● Щэнхабзэ

Iэзагъ ин яхэлът

«Гъатхэ псыпыжьхэр» фIэщыгъэм щIэту, зи школ кIуэгъуэ нэмыса щыкIуэхэм папщIэ Надышк ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым япэу къызэригъэпэща фестивалым ипкъ иткIэ, къалэм дэт лицей №2-м гала-концерт щекIуэкIащ.

ЗИ ШКОЛ кIуэгъуэ нэмысахэм щадэлажьэу щыхьэзырым дэт Iуэхущапм Iэхэм я гъэсэн щыкIуэхэм Iэзэгу ягъэльтэгъуащ гъатхэм дахагъэрэ дэрэжэгъуэу хэтэ псорн наIуэу къызыхэщ макъамэ теплъэгъуэхэр. «Гъатхэм феджа?», «Гъэгъахэм я валъс», «Мэкъумэщхэр», «Джэджьей нэфIэгуфIэхэр» зыфIаща кьафэхэр, «Сабийхэм дыгъэр кьатумых», «ТекIуэныгъэм и кадриль» хореографие едзыгъуэхэр сыткIи теухуат уасэ зимыIэ сабийгъуэ гъащIэм. КъищынымыщIауэ, цыкIухэм ягъэзэщIащ дыкъэзыуухьуренхь дунеймрэ гъатхэмрэ ехьэлIа уэрэдхэмрэ усэхэмрэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIа, кьалэ администрацэм и гъэсакIуэхэм сабийхэм ягъэльэгъуа Iэзагъым хуэфащэ гупытэ хуащIащ икIи фIыщIэ псальэкIэ зыхуагъэзащ зи школ кIуэгъуэ нэмыса цыкIуэхэм псэмыблэжу ядэлэжьа егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ.

Бахьсэн куейм щагъэлъапIащ бэнэкIэ хунтымкIэ Европэм тIэунсипрэ чемпион щыхъуа, 2012 гъэм Олимп Джэгуэхэм хэта, «Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэр зэфIащща Урыш Анзор.

БАХЬСЭН куейм и администрацэм и жэрдэмкIэ кьыззэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэIуэщIэм кьрихьэлIащ республикэм и Правительствэм и лIыкIуэхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, куей, кьуажэ администрацэхэм я унафэщIхэр.

ГуфIэгъуэкIэ, Iэгуауэкlэ Урысейм и гимным щIэту чемпионыр кьрагъэблэгъащ и ныбжьэгъухэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

«Анзор хуэдэ щIалэхэм я фIыщIэкIэ ди республикэр дуней псом кьыщацIыху», - псальэхэмкIэ чемпионым Iущ Iа район администрацэм и унафэщI Сыжажэ Хьэсэн щIалэм спортым зэфIэкI лъагэхэр кьызэрыщигъэлъэгъуэну ухуиткъым Iэкlи лъакъуэкlи.

Турнирым кьызэхуишэсащ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ Урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа спортсмен нэхъ Iэчлъэч дыдэхэр. Ди бэнакIуэ 11-м абы текIуэныгъэ кьыщахьащ. Абыхэм ящыщу 10-р «Аллигатор» спорт клубым и гъэсакIуэ. Я хьэлъагъ ятlэтауэ, зыхэта зэпеуэхэм нэхь лъэщ дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ КъэрэшейАхьмэд, Сенэ Руслан, Бырхьэм Темрыкъуэ, Хэрщэжьдыгъу Алим, Емкъуж Артур, ПщыхьащIэ Albert, Мэкъуауэ Исльам, Мэшыкъуэ Беслъэн, Багъ Олег, Аргъэшокъуэ Бубэ, Курбанисмаилов Расым сымэ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

● Грепплинг

Дыщэ медаль 11 къахь

Иджы япэу «Налшык» спорткомплексым грепплингымкIэ КъБР-м и куейхэм я турнир щекIуэкIащ. Спортсменхэр щIэбэнащ «Аллигатор» спорт клубым и сэуГъэтым.

ГРЕППЛИНГЫР хохьэ спорт бэнэкIэмкIэ дунейпсо федерацэм и лIэужьыгъуэхэм. АбыкIэ дунейпсо, Европэ чемпионатхэр ирагъэкIуэкI. Адрей бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэм ар кьащхьэщокI, бэнэгъуэ зэманым щIэ дыдэу зэрыщыгъэтмкIэ, абы кьыхэкIыуи спортсменхэм я зэфIэкIым кьихьыр напIэзыпIэм кьрагъэтIэсэн хуей мэхъу. Грепплингым хьэрхуэрэгъуэм уебгъэрыкIуэну ухуиткъым Iэкlи лъакъуэкlи.

Турнирым кьызэхуишэсащ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ Урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа спортсмен нэхъ Iэчлъэч дыдэхэр. Ди бэнакIуэ 11-м абы текIуэныгъэ кьыщахьащ. Абыхэм ящыщу 10-р «Аллигатор» спорт клубым и гъэсакIуэ. Я хьэлъагъ ятlэтауэ, зыхэта зэпеуэхэм нэхь лъэщ дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ КъэрэшейАхьмэд, Сенэ Руслан, Бырхьэм Темрыкъуэ, Хэрщэжьдыгъу Алим, Емкъуж Артур, Пщыхьащ Albert, Мэкъуауэ Исльам, Мэшыкъуэ Беслъэн, Багъ Олег, Аргъэшокъуэ Бубэ, Курбанисмаилов Расым сымэ.

● Кикбоксинг

Борсэ Астемыр токIуэ

Кикбоксингым и К-1 лIэужьыгъуэмкIэ Венгрием щекIуэкIащ дунейпсо Кубок зэпеуэр. Абы текIуэныгъэ кьащихьащ тренерэу Дыщэкl Аслъэнбечэр Сихьу Къэбечэр я гъэсэн Борсэ Астемыр.

ФИНАЛ нькъуэ зэпеуэм абы псынщIэ дыдэу хигъэщIащ Беларусым кьикIа бэнакIуэ Кишкурин Павел. Финал зэпеуэм хьэрхуэрэгъу кьыхъуэхъуэ Кишкуриныр и лъахэгъу Буров Тимури ди щIалэр кьыхуикIуэтакъым.

Еджэнигъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсу щыкIэрэинэкIа нужь, Урысейм и командэ кьыхэам хэту Борсэ Астемыр кIуэнущ мы гъэм и бжьыкъэм Бразилием щызэхьыхьэну дунейпсо чемпионатым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Мардэхэр къызэпауд

Мэкъуауэгъуэм и 1-2-хэм республикэм кьыщыхъуа гуэргу насыпыншагъэхэм щIихуи 2 хэкIуэдащ, 4-м фэбжь ягъуэтащ, абыхэм ящыщу 3-р сабийщ.

Мэкъуауэгъуэм и 1-м сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 30-м «Lifan» автомашинитI зэжьэхэуащ. 1991 гъэм кьалъхуа Шэрэдж Ищхьэрэ кьуажэм щыщыр зи рулым дэс автомашинэр «Кавказэ федеральнэ гъуэгум тету Налшык икIыу Аруан къуажэмкIэ кIуэрт. 462-нэ километым деж зэпэIэщIэу зэрыщытын хуэй мардэр кьызэпиудри сэмэгу гъуэгубгъуэ техьащ икIи руиыр хъуэмыгъэIурыщIэу, а лъэныкъуэмкIэ кIуэ автомашинэм ар жьэхэуащ. «Lifan» автомашинэр идзри гъуэгу Iуфэм итI жыгым еуащ. Рулым дэсамрэ пассажир цIыхухъумрэ хэкIуэдащ. 1991 гъэм кьалъхуа цIыхухъур (гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 8 кьызэпиудауэ ятхащ, илъэси 3 хъуауэ рулым дэсщ) напIэзыпIэм ту гъуэгум къытелъэда илъэси 7 зи ныбжь хъыджэбз цIыкIум жьэхэуащ. КIасэIуэу абы гу лъызыта шоферым Iэмал гуэри къигъэсэбэпыну хунэсакъым.

А махуэ дыдэм сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м ШэрэдЖ куейм «Аруан - Уштуру» автомобиль гъуэгум и 7-нэ километрым деж ВАЗ-2109 автомашинитI щызэжьэхэуащ. Зым и рулым дэсар жьэкIуэдащ. Бгырыпх шынагъуэнщэмкIэ емыпхауэ автомашинэм иса илъэс 11 зи ныбжь щIалэ цIыкIум фэбжь игъуэтащ.

Мэкъуауэгъуэм и 2-м и пщэдджыжьым Iуащ: хьэмахуэ куейм ВАЗ-21072 автомашинэр зезыгъакIуэ 1985 гъэм кьалъхуа цIыхубзым рулыр хуэмыгъэIурыщIэу гъуэгубгъуэ кьызэрыухьам еуащ. Ар автоплъэм щедджажьым, шофер тхылъыр иIэкъым. Абы кьыбгъурысащ и ныбжьэгъу цIыхубзымрэ илъэси 7 зи ныбжь сабиймрэ. ЗыкIыбжьэбз цIыкIум фэбжь игъуэтауэ Налшык къалэ **ЭТ** сабий сымаджэщым яшащ.

ЕХЛАКОВЭ Иринэ,
КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-Iуэхущапм.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакIэмыхъу Маринэ** (редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щ ирдий Маринэ** (редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпдзэ Замирэ, Хьэжьыкъэр Аслан, ЩхьэщэмыщIи Иэз.**

КъыдэзыгъэкIуэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, 5, ебгъуанэ, ешIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редакторэ нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапм Iэхэм ядэлажьэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапм Iэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору Щоджэн Аминат, корректорхэр Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Мырзэкъан ФатIимэ, *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIам* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэ сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1393